ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№197 (22.855) ● 2014 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 30, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Ставрополь крайм и Іэтащхьэр и къулыкъум пэроувэ

Крайм и хэхакІуэ комиссэм къызэритамкІэ, 2014 гъэм фокІадэм и 14-м хэхыныгъэм хэта псоми я процент 84-м щІигъум Владимиров Владимир папщІэ Іэ яІэтащ.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ я пащхьэ тхьэрыІуэ щита нэужь губернаторым ираташ абы и къулыкъум и дамыгъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъарым щыпсэуухэм, абыхэм я гъунэгъухэм я цІэкІэ Владимиров В. В. къулыкъу лъагэм зэрыхахамкІэ екъуэхъуащ КІуэкІуэ Юрий. «Шэч къытесхьэркъым, - жиІащ абы, - щІэуэ хаха губернаторым цІыхухэр къызэрыщыгугъыр, ахэр псэукІэ нэхъыфІымрэ зэхъуэкІыныгъэ тэмэмэмрэ зэрахуэплъэр нахуапІэ зэрыхьунум».

ЩІыналъэм и Іэтащхьэр и къулыкъум зэрыпэрыувэм теухуа дауэдапщэм хэтащ УФ-м и Президентым и Администрацэм и лэжьакІуэхэр, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щІыналъэ зыбжанэм я Іэтащхьэхэр, Урал, Кърым федеральнэ округхэм я делегацэхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-�ІуэхущІапІэ.

● КъБР-м и Правительствэм

ЩІыхуэхэм хохъуэ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Алтуд Юрий фокІадэм и 26-м иригъэкІуэкІа зэІущІэм Іуэху 30-м нэблагъэм щыхэплъащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм къыбгъэдэкІ фІыщІэ тхьилъхэр япэ вицепремьерым ираташ Къэбэрдей-Балъкъарым экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Мусуков Алий, «Іуэху зезыхьэ Урысей» зэгухьэныгъэм и унафэщІ Пархоменкэ Юлие, Промышленникэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я зэгухьэныгъэм и кІудамэу КъБР-м щыІэм и унафэщым и къуэдзэ Гузбэщыкі Жантемыр сымэ. А Іуэху гуапэмкІэ зэІущІэр кІыхьэІуахащ. АдэкІэ Мусуков Алий ди республикэм щыІэ мэкъумэш потребкооперацэм зегъэужьыным, дзІэпыкъунырэ егъэгъуэтыным екъэпІуэ кІыщыпсалъэм жиІащ ар мэкъумэш Іэнатіэм лъэбакъуэщІэ егъэчыным и зы Іыхьэу зэрыщытыр. Абы кІыщынэмыщІауэ, хьэрычэт Іуэху цІыкІумрэ ику итымрэ ирагъэфІакІуэкІэрэ ди къэралым къыщагъэкІа ерыскъыпхъэхэмкІэ цІыхуэхэр нэхъыфІу къызэрэпэща хъунэ къыщэрилъытэри къыхигъэщащ.

ЗэІущІэм къыщызэдащтэхэр ящыщщ КъБР-м и къэрал мылькым хьыкъу Тэрч къалэ щауэхуэ спорт уардэунэр Тэрч муниципалнэ щыналъэм етыным и Іуэхур.

ЦІыхуэхэр кхъахэ хъуа унэхэм къыщІэгъэІэпхъуКІыным хуэгъэпса программэм ипкъ иткІэ, КъБР-м и къэрал мылькым хьыкъу яуха унэщІэхэр Налшык, Тырныауз къалэхэм, Дзэлыкъуэ мунициципальнэ районым ираты къагъэлъэгъуащ. ЩІы Іуэхуэхмрэ мылькур зекъэнымкІэ хэрал комитетым и унафэщІ Тонконог Аннэ зэрыжиІамкІэ, унэхэм я уасэр псори зэхэту сом мелуани 151-м щІегъу. Апхуэдэу министрхэм къыздащтащ КъБР-м и къэрал мылькым хьыкъу Краснооктябрьскэ жылэм дэт курыт еджапІэр къуажэм етыжьныр. Комитетым и унафэщІым зэрыжиІамкІэ, а школым сабий 75-рэ зыщІэхуэну гъэсапІэ къыщызэІуахьыну я мурадщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

ДУНЕЙМ ЩЫХЪЫБАРХЭР

ЕМУЗ Нинэ: «Егъэджэныгъэм и фІагъыр къызэрапщытэ щІыкІэр зэхалъхьауэ республикэм къыщагъэсэбэп»

Егъэджэныгъэм зегъэужьыныр Къэбэрдей-Балъкъарым илъэс куэд лъандэрэ къыщалъытэ социально-экономикэ зыужьыныгъэм и унэтІныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зыуэ. А лэжьыгъэм хиубыдэу егъэджакІуэхэм я Іэщіагъэм хагъэхъуэн папщІэ егъэджэныгъэмкІэ Іуэхущ1апІэ нэхъыфІ дыдэхэм ягъакІуэ, апхуэдэу егъэджэныгъэм и фІагъыр къэпщытэныкІэ иджырей Іэмалхэр зэхалъхьэ. КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэр къэгъэщІэрэщІэжьныкІэ езыр зи пашэ министерствэм зэфІигъэкІэр къыщигъэлъэгъуащ КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Емуз Нинэ «Интерфакс-Юг» агентствэм ирита интервьюм.

- Къэбэрдей-Балъкъарым егъэджэныгъэмкІэ и Іуэхущ1апІэхэм гъэ еджэгъуэщІэм дауэ зыхуэгъахьэзыра? ШколыщІэу дапщэ къызэІуэха, лажьэу щыІэхэм щыщ дапщэ къагъэщІэрэщІэжа?

- Зэрыщыту къапщтэмэ, егъэджэныгъэмкІэ Іуэхущ1апІэхэр гъэ еджэгъуэщІэм хузыхьэзыру ирихьэлІащ. Іуэхущ1апІэхэм я щытыкІэр къэпщытэнри комиссэхэм зэфІагъэкІащ, къэпщытакІуэ-кІэлъыплъакІуэ органхэм къагъэлъэгъуауэ щыта дагъуэхэр ягъэзэжкІуэжащ. ШколакІуэ ныбжьым иту республикэм щыпсэу сабийхэм зэщІэгъэгъуэгъэ еджэн щІадзэжащ.

Къуажэ школхэм физкультурэмрэ спортымрэ зыхуагъэсэныкІэ зыхуэфащэ Іэмалхэр къыщызэгъэпэщыным и лъэныкъуэкІэ зэфІэгъэкІыпхъэ Іуэхуэхэр гъэзэщІэным хиубыдэу егъэджэныгъэм я спорт залу 37-рэ зэгъэпэщыжьын яух. А лэжьыгъэхэм трагъэкІуэдэну хуХахащ сом мелуан 22,1-рэ.

Егъэджакіуэм и махуэм ирихьэлІэу Налшык къалэм и Іэщ1ельащ зыхубыдэ Іэдиижу поселкэм сабий 550-рэ зыщІэхуэн курыт еджапІэ къыщызэІуахынущ, апхуэдэу Нартан къуажэм и школым къыгуащІыхь унэри зыхуэят хуагъэзащ.

- Иджыпсту школхэм мардэщІэхэм тету щегъэджэным гулъытэшхуэ хуащІ, ауэ абы папщІэ егъэджакІуэхэм я Іэщіагъэм хамыгъахъуэу хьунукъым. А лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъарым дауэ къыщызэгъэпэща?

- Курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм я Іэщ1агъэмрэ щІэныгъэмрэ хэгъэхъуэныр иужьрей зэманым нэрылъагъуу щІэдгъэхуэбжьэн тхуэзэфІэкІащ: егъэджэныгъэм и курыт Іуэхущ1апІэхэм я егъэджакІуэу мини 5-м щІигъум я Іэщ1агъэм хагъэхъуащ. А Іуэхум дызэрыбгъэдыхьэ щІыкІэм зедгъэхъуэжащ, иджы а лэжьыгъэм сэбэпынагъ нэхъыбэ къыпэкІуэн папщІэ егъэджакІуэхэм Іуэхум зыщІыхуагъасэ еджапІэ нэхъыфІ дыдэхэм.

Егъэджакіуэхэм я щІэныгъэмрэ Іэщ1агъэмрэ хэгъэхъуэныкІэ лэжьыгъэхэр дяпэкІи едмыгъэкІуэкІыу хъунукъым, абы къыхэжІыу иджыпсту ягъэхъэзыр республикэм и педагогхэм я зэфІэкІым хэгъэхъуэным хузгъэза проект зыубгъуа. Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщу мыбдеж къыщалъытэ зи гугъу тщІы лэжьыгъэм пыщІа Іуэхущ1апІэ псоми я зэфІэкІхэр зэгъэуІуныр, бюджетым и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я ахъшэкІэ педагогхэм я Іэщ1агъэм илъэсиц къэс зэ хэгъэхъуэныр къыхэзгъэпэщыныр, дэтхэнэ егъэджакІуэми и щІэныгъэм зэпымыууэ хэгъэхъуэныкІэ тезыгъэгушхуэ Іуэхуэхэр зэхэлъхьанырэ.

- Республикэм и экономикэр зыхуэныкъуэ Іэщ1агъэлІэхэр гъэхъэзырным хуэунэтІауэ Къэбэрдей-Балъкъарым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэмрэ вузхэмрэ зэщІыгъуу сыт ялэжьырэ? Абы хиубыдэу сыт зэфІагъэкІрэ курыт Іэщ1агъэ щрагъэгъуэт еджапІэхэм зегъэужьыныкІэ, апхуэдэ еджапІэхэм щІэтІысхьэн папщІэ КъБР-м курыт школхэр къыщызыуухэр тегъэгушхуэныкІэ?

- Республикэм Іэщ1агъэ нэхъыщхьэ, курыт Іэщ1агъэ щрагъэгъуэт и еджапІэхэм зэфІэкІ хъарзынэ яІэщ, вузу, курыт профессионалнэ еджапІэу къэралым и унафэм щІэтхэри абы Іэщ1ымыпхэри мэлажьэ. Вузхэмрэ курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт профессионалнэ еджапІэхэмрэ Іэщ1агъэ нэхъыщхьэу 280-м, курыт Іэщ1агъэу 56-м щыхурагъаджэ. Псори зэхэту Іэщ1агъэ зэмылІэужьыгъуэхэр вузхэм я студенту мини 5-м щІигъум, курыт профессионалнэ еджапІэхэм щІэсхэу мини 7-м зрагъэгъуэт. Апхуэдэ бжьыгъэр республикэм и экономикэр зыхуэныкъуэхэм фІагъыкІи куэдагъкІи езгъэгъуэкІэпльэту хъунущ.

Дызэрыт илъэсым нэрылъагъуу хэхъуащ курыт профессионалнэ еджапІэхэм Іэщ1агъэ щызэзыгъэгъуэтыну хущІэкъуэхэм я бжьыгъэм. Апхуэдэхэм я документхэр къеІыхьэ яухахьэм, ауэ бюджет ахъшэкІэ ирагъэджэнухэм я бжьыгъэр еджапІэхэм я нэхъыбэм ирикъуу къащтащ, къэралым и ахъшэ зытригъэкІуэдэнухэр 2014 гъэм цІыху мини 3-м щІигъу пэтми. Нэхъыбэм къыхах еджапІэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-технологие колледжыр, Къэбэрдей-Балъкъэр автомобиль колледжыр, Къэбэрдей-Балъкъэр сату-технологие колледжыр, Прохладнэ технологие колледжыр. Абыхэм щІэтІысхьэхэр Іэщ1агъэхэм я мызакъуэу еджэныкІэ щыІэ Іэмалхэмэ хоплъыхь: щІалэгъуалэм щІэныгъэр унэ зэпэщхэм щызрагъэгъуэтну, зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэль егъэджакІуэхэм я деж щеджэнуикІи иджырей оборудованэр къагъэсэбэпыну хуейщ. Мис аращ егъэджэныгъэмкІэ дэтхэнэ Іуэхущ1апІэми щІэтІысхьэм апхуэдэ Іэмалхэр къыхузгъэпэщыныр къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм щІащыщыр.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Къэрал унафэщІхэри щІалэгъуалэри

Нэхъ пасэу зэрытрауухуам тету, фокІадэм и 28-рэ-хэм Астрахань къалэм щекІуэкІащ Каспий тенджызым и Іуфэм Іус къэралхэм я унафэщІхэм я зэІущІэ.

Абы хэтащ къэралитум Урысейм, Ираным, Къзахъстаным, Азербайджаным, Тыркуменым я президентхэр, Іуэхущ1апІэ зэхуэмыдэхэм я унафэщІхэр.

«Каспий тенджызымрэ абы и хъугъэфІыгъуэхэмрэ мыхьэнэшхуэ яІэщ ар зи щІыналъэм хьихь къэралхэм ди дежкІэ, - жиІащ УФ-м и Президент Путин Владимир. - А хъугъэфІыгъуэхэр къытщІэхъуэ щІэблэхэм яхуэтхъуэнэкІ, яхуэдгъэбэгъуэныр жэуапльныгъэшхуэ зыпылъыр».

«Каспийр зей къэралитух» зэгухьэныгъэм мыр и епЛІэнэ зэхуэсщ - ятэр 2002 гъэм Ашхабад къалэм щызэхэтащ, етІуанэр 2007 гъэм Тееран, ещанэр 2010 гъэм Баку щекІуэкІащ. КъыкІэлъыкІуэр Къзахъстаным къыщызэрагъэпэщынущ.

Апхуэдэуи Астрахань мы махуэхэм щокІуэкІ саммитым хэт къэралхэм я щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэм я зэхуэси. А къэралхэм щыщ ныбжьыщІэхэр зэныбжьэгъунми мыхьэнэ зэрыщІэ ираты кІыхьэ абы и къызэрэпэщакІуэхэм.

Онтакэ и къарур егъэлъагъуэ

Японием щыІэ Онтакэ вулканым фокІадэм и 27-м къэуцІауэ, Іугъуэмрэ гъуэзымрэ къреху, абы и Іэшэлъашэр сахуэм щІигъэнащ. Къэралым и премьер-министр Абэ Синдзо иригъэкІуэкІащ икІэщІыпІэкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр, щыІэ Іэмалхэр щаубзыхуа зэІущІэ.

Вулканым апхуэдизкІэ къаруушхуэ иІэщи, къриутІыпщыкІ сахуэмрэ мывэ пщтырхэмрэ километриплІым нэблагъэкІэ къыІуедэ. Абы къыдэкІуэу ятІэ пщтырри бгым къох.

Альпинист, турист щэ бжьыгъэхэр а бгым зыплъыхьакІуэ щыІэу, вулканым и «къапхъэным ириубыдащ». А къэхъукъащІэ шынагъуэм уэзрыпэщІэтыдырнур абы пэІэщІэ зыпщынырщи, къаурэ Іэмалу щыІэр къыхуагъэсэбэп цІыхухэр а щІыпІэм кърашыным. КъеГъэлакІуэхэм абыхэм я нэхъыбапІэр кърагъэІэпхъуКІыфащ, ауэ цІыху 30-м нэблагъэ абы кІынащ. Іугъуэр зэран зыхухъуэ цІыху 70-м щІигъу сымаджэщым яшащ, абыхэм ящыщу 40-р хьэлъэ дыдэу къалытэ.



♦Зэдзэкіакіуэм и дунейпсо махуэщ
♦Абхъаз Республикэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - щІыхьхуит зэрыхъуар егъэлъапІэ
♦1882 гъэм дунейм щыяпэу Фокс псым (США) электростанц тращІыхьащ.
♦1960 гъэм Налшык лэжьэн щІыщІидзащ щыщыгъу щащІ «Горянка» фабрикэм.
♦США-м щыІэ Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм жыджэру хэт, егъэджакІуэ **Хьэжокъуэ Маждэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Сирием щынагъэнщагъэмкІэ и къарурэм я генерал-полковник, политик, жылагъуэ лэжьакІуэ **Абаз (Маршэн) Уэлид** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист, публицист **Мэз Сусанна** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр тепъэтекІыу щыщытыну. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 10 - 12 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ЩІакІуэ ныкъуэщІыр щыгъынкъым.

Алихьан цІыкІу и кхъуейплъыжькІэрыщІэ

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр Аруан (Мысостей) къуажэм Іэтауэ щагъэлъэпІащ. Гушхуэныгъэ яхэлъу, дэрэжгъуэ ин яІэу абы хуагъэхьэзыра гуфІэгъуэ Іуэхугъуэхэм нэхъыжьхэри нэхъыщІэхэри жыджэру хэтащ.

КЪУАЖЭМ и «Нуриет» щэнхабзэ центрым и пщІантІэ хуитыр махуэшхуэ тепльэкІ гъэщІэрэщІат, къыздэхуэсхэр гуапэу ирагъэблагъэу, лъэпкъ макъамэ уэзщІэзыІэтэхэр, гум ехуэбылІэу, зэпымыууэ къыщыІурт, ерыскъыхэкІ зэрахьэм и хъурымэ-жьэрымэр Іум І эфІу икІуэсыхьырт. Джэгу дахэ зэхашати, нэхъыщІэхэм я Іутlыжьт, Іэгуаугэшхуэм щІэту, я зэфІэкІыр утыкум щагъэлъагъуэрт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал ныпымрэ Адыгэ ныпымрэ яІыгъыу лъэпкъ фащэ екІуэхэр зыщыгъ я шууеипІыр, къуажэм и уэрам нэхъыщхьэм ирикІуэри, зэхуэсахэм къахьихьэжащ, итІанэ ТІысыпІэ 420-рэ зиІэ Щэнхабзэмкіэ унэм псори ирагъэблэгъащ.

ЩІыпІэ адміністрацэм и Іэтащхьэ Къардэн Вячеслав Адыгэхэм я махуэ лъапІэмкІэ псоми екъуэхъуащ, ди лъэпкъым и мызакъуэу республикэм щыпсэу дэтхэнэми и дежкІэ абы мыхьэнэшхуэ зэриІэнур, зэкъуэшыгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ дяпэкІэ нэхъри зэригъэбыдэнур кхъихигъэщащ.

Адыгэ хабзэм тету лъэпкъ Іуэхур зыкІэлъыІэзэрахьа цІыкІуищи я адэ-анэхэр сценэм ирашари, зэрыджэгу сабий хьэпшыпхэр зэщхьу тыгъэ хуащІащ, зэхуэсахэм кхъбгъэкІыу гуапэу екъуэхъуащ.

Адыгэхэм я махуэм и щІыхькІэ кхуэжьэм и курыт еджапІэми футболькІэ зэхъэзэхуэу щрагъэкІуэкІащ, текІуахэм ахъшэ саугъэтрэ щІыхь тхылъэр ираташ.

Мысостей дэс балъкъэрхэм кхъбгъэдэкІыу Кучмезов Мухьэрбэчрэ Аттаев Алийрэ зэхуэсахэм хьуэхъукІэ зыхуагъэзащ, кхуажэ администрацэм тыгъэ хуащІащ.

ЗэІущІэ нэужым ираГъэблагъэри, балигъ щитІым щІигъу ягъэхьащІащ, сабийхэми Іэнэ кхыхуащтащ.

Зэхьыхэр ягъэбжьыфІащ уэрэджьІакІуэ Іэзэхэу Хьэжъуэ Оксанэ, Къуэ ФатІимэ, Мэстафэ Эммэ, «Кабардинка» къэфакІуэ ансамблым хэт Бер Мухьэмэд, кхуажэм и администрацэм тыгъэ хуащІащ.

ЗэІущІэ нэужым ираГъэблагъэри, балигъ щитІым щІигъу ягъэхьащІащ, сабийхэми Іэнэ кхыхуащтащ.

Зэхьыхэр ягъэбжьыфІащ уэрэджьІакІуэ Іэзэхэу Хьэжъуэ Оксанэ, Къуэ ФатІимэ, Мэстафэ Эммэ, «Кабардинка» къэфакІуэ ансамблым хэт Бер Мухьэмэд, кхуажэм и администрацэм тыгъэ хуащІащ.

Мы Іуэхур кхъдэхъныпрэ егъэкІуэкІыныпрэ хуэунэтІауэ ЩэнхабзэмкІэ унэм и унафэщІ Зыхьэ Оксанэ лэжьыгъэшхуэ зэфІигъэкІащи, дяпэкІи хущІыхьэну ди гуапэщ.

ГуфІэгъуэ зэІущІэм хэтащ Аруан районым щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ и Іуэхущ1апІэм и тхьэмадэ КІущ Валерэ, щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кхъудэр Щоджэн Риммэ, кхуажэ гъунэгъухэм я лІыкІуэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Аруан къуажэ



Совет Союзым и къалэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ зыуэ щыта Сыхъум нэхъапэм иІа теплъэр игъэтыжьным иджыри куэд хуейщ. Псэуплэ унэхэри, Іуэхущ1апІэу щытахэри теплъаджэ ящІащ ятехуа шэхэм. Мы щІыпІэм зауэ гуащІэ зэрыщекІуэкІар пщыгъупщэжьну ухуейми, апхуэдизкІэ зэхэкъутам Іэмал къуатырыкъым.

РЕСПУБЛИКЭМ и президенту щытахэу Ардзинбэ Владиславрэ Бэгъэпщ Сергейрэ я сурэтышхуэ лъагэу фІэдзахэм ущеплъкІэ, абхъазхэм мыпхуэдэу захуэбгъэзэну уи гум къоК: «ЯльэкІар къыфхуащІащ къуэ пэжу лъэпкъым къыфхущыта мы щІалэхэм. АдэкІэ фщІэнум фэ фыхуитыжщи, фи къару къиихь къэмыгъанэ».

Дауи, Абхъазым и иджырей унафэщІхэми къалэн куэд я пщэм къыдэхуащ. А псоми мыпхуэр зэманрэ текІуэдэнущи, ар апхуэдэу щІэх пхуэзэфІэмыкІын Іуэхущ.

«Псори дяпэкІэщ», - жаІэ абхъазэхэм икІи мамыру къэуанэху махуэщІэм щыгуфІыкІыу мэпсэу. Мэпсэу я Хэкум зыщамыгъэнщІу, я ТекІуэныгъэм гу щамыхуааУ. Пщэдджьхьым жьы дыдэу къотэджэри, щхьэж и Іуэху яужь йохьэ. ИкІи уи фІэщ мэхъу я хэкур ефІэкІуэным хуэлажьэ цІыхубэм я Апсны дахащэри абы и къалащьэри зэрыщытам нэхъэрэ нэхъыфІ мыгувэу зэращІынур.

«Адыгэ псалъэ» газетым илъэс куэдкІэ щылэжьа КІэбышэ Лилэ иджыблагъэ щыІащ Абхъаз Республикэм икІи цІыху куэдым яІущІащ, епсэлъылІащ.

Зи ТекІуэныгъэр илъэс 21-рэ зэрырикъур нобэ зыгъэлъапІэ лъэпкъым и нэгу щІэкІа гуэзвэгъуэшхуэм, абы зэрыпэлъэща щыкІэм, цІыхубэм я гугъапІэхэр мы зэманым зрапхэм ятеухуауэ абы игъэхьэщІа тхыгъэхэм фыкъыщыедж э 3-нэ напэкІуэцІым.

Сыхъум къалэм иІэщ Шинкубэ Бэгърат и ут.

● Минister ствэхэм

Жьы хъуа зи закъуэхэм дахуэвгъэгуапэ

Хабзэ зэрыхъуауэ, жэпуэгъуэм и 1-м пщэдджьыжьым сыхьэти 9-м къыщыщІэдзауэ 18 пщІондэ КъБР-м Лъжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэкІэ и министерствэм республикэм и цІыхухэм телефонкІэ запищІэнущ.

АР ТЕУХУАЩ социальнэ Іуэхутхъэбзэ хуэныкъуэ зи закъуэхэр къэхутэным, зылъэмыкІыж нэхъыжьхэм ягъуэт дэІэпыкъуныгъэр зыхуэдэр гъэбелджылыным. Апхуэдэхэм щыгъуазэхэр 8-800-200-66-07 телефонымкІэ псалъэ хъунущ. Унагъуэ телефонхэри къыздрахьэкІэри пщІэнщэщ. Зыри хэІущІыІу ящІынукъым.

Психологие дэІэпыкъуныгъэ зэныкъуэу упщІэ зиІэ нэхъыжьхэмэ министерствэм и психологхэмрэ и Іэщ1агъэлІхэмрэ а махуэм зыхуагъаза хъунущ. Ахэри телефоным деж щыпхьарыпхунущ.

Мы Іуэхугъуэр Зи ныбжь хэкІуэтахэм я махуэм ирихьэлІэу къызэрагъэпэщ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

Фыдогъэблагъэ!

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизион. «Ипщэ» гуп
ЕпщІанэ джэгугъуэ
«Спартак-Налшык» - МИТОС (Новочеркасск)
Налшык. «Спартак» стадион.
Жэпуэгъуэм и 1. Сыхьэт 18-м.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ щІыхуэхэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим Алий и къуэ

ФокIадэм и 25-м республикэм и хабзэгъэув орган нэхъыщхьэм и депутатхэм КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэу Жанатаев Сэлим хахащ.

Ар 1956 гъэм Къэзахъ ССР-м и Джамбул областым щыщ Меркен районым хыхьэ Мерке къуажэм къыщалъхуащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэщ, инженер-механикщ, Москва дэт гидромелиорацэ институтыр къиухащ.

1973 гъэм къыщыщIэдзауэ 1974 гъэм нэсыху Шэджэм районым щыIэ «Родина» колхозым хьэлъэзехьэу щылэжьащ, 1974 - 1977 гъэхэм СССР-м и ВМФ-м и къулыкъу щищIащ, 1977 гъэм къыщыщIэдзауэ 1983 гъэ пщIондэ КъБКъУ-м мэкъумэш хозяйствэр механизацэ щIынымкIэ и факультетым, Москва и гидромелиорацэ институтым я студентщ.

1983 гъэм къыщыщIэдзауэ 1995 гъэм нэсыху Шэджэм псыщIэгъэльадэ Iэнатlэм и инженеру, КПСС-м и Шэджэм райкомым и инструктору, пропагандэмрэ агитацэмкIэ, къызэрэпэщакIуэ къудамэхэм я унафэщIу, яп секретарь, КъБР-м МылъкумкIэ и къэрал комитетым Шэджэм районымкIэ и IэщIагъэлI нэхъыщхьэу лэжьащ. 1995 гъэм къыщыщIэдзауэ 2003 гъэ пщIондэ Шэджэм районым и щIыпIэ самоуправленэм и Iэтащхьэм и къуэдзэу щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етIуанэ, ещанэ хэхыгъуэхэм я депутатщ.

2009 гъэм и гъатхэпэм Жанатаев Сэлим «Урысей зэкIуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и спискэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутату, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIу хахащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лэпкъ зэхуэдэныкIэхэмкIэ и комитетым хагъэхьащ.

2014 гъэм и мазаем Налшык кIалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэу ягъэуващ.

2014 гъэм и фокIадэм къыщыщIэдзауэ «Урысей зэкIуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кьыбгъэдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутату.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыхь тхылъыр, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и щIыхь тхылъыр, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и Унафэщым и ФIыщIэ тхылъыр иратащ. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм «Парламентаризмэм зегъэужьыным и лъэныкъуэкIэ къыхьа ФIыщIэхэм папщIэ» и бгъэхэIу дамыгъэр, КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и ФIыщIэ тхылъыр къыхагъэфащащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iанlэ.

ЩIыхуэхэм хохъуэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Республикэ бюджетым къыхэкIыу муниципальнэ куейхэм псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм ехьэлIа Iэхъугъуэхэр ирагъэзэщIыну субсидие зэрыратыну хабзэхэм теухуауэ КъБР-м ухуэнIыгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Тутыкъу Анзор** къыщыпсалъэм жиIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм Парламентым Зорыгъэхуигъэзам тету, щIыхэм я псэупIэмрэ коммунальнэ Iэхъутхьэбзэхэмрэ щIат уасэр унагъуэм и хэхъуэм ельытауэ Iэмал зэриIэкIэ нэхъ мащIэ дыдэм зэрыхуагъэкIуар. Апхуэдэу, пенсэ ныбжьым нэсахэм ятыр процент 12-щ, адрейхэм ейр процент 15-м ноблагъэ.

«КъБР-м и унагъуэщIэхэр 2013 - 2020 гъэхэм псэупIэкIэ къызэгъэпэщын» программэм и гуэдзэным ипкъ иткIэ, Тутыкъум и гугъу ищIащ 2014 гъэм республикэ бюджетым къыхэкIыу унэ къащхьэмыкIэ и хуэунэмкIэ унагъуэщIхэм зэрызыщIагъэкъуэн субсидие муниципальнэ Iэхъущ Iанlэхэм ятегущыэным и Iэхъум.

Улахуэм хэгъэхъуэным ехьэлIауэ Урысей Федерацэм и Президентым ищIа унафэм хэмыхуахэм къахьыр процент 15-кIэ нэхъыбэ зэращIынур зэIущIэри щыжиIащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт**. Абы папщIэ зыхуеину сом мелуан 26-р республикэ бюджетым зэрыщIыхуахэри дыщIигъужащ министрым и псалъэхэм.

Правительствэм и Унэм щызэхуэсахэр арэзы зытехуэахэм ящыщщ «2013 - 2020 гъэхэм КъБР-м и цIыхухэм лажьыгъэ Iэнатlэ зегъэужьын» программэм и гуэдзэным ипкъ иткIэ, Тутыкъум и гугъу ищIащ 2014 гъэм республикэ бюджетым къыхэкIыу унэ къащхьэмыкIэ и хуэунэмкIэ унагъуэщIхэм зэрызыщIагъэкъуэн субсидие муниципальнэ Iэхъущ Iанlэхэм ятегущыэным и Iэхъум.

Улахуэм хэгъэхъуэным ехьэлIауэ Урысей Федерацэм и Президентым ищIа унафэм хэмыхуахэм къахьыр процент 15-кIэ нэхъыбэ зэращIынур зэIущIэри щыжиIащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт**. Абы папщIэ зыхуеину сом мелуан 26-р республикэ бюджетым зэрыщIыхуахэри дыщIигъужащ министрым и псалъэхэм.

Правительствэм и Унэм щызэхуэсахэр арэзы зытехуэахэм ящыщщ «2013 - 2020 гъэхэм КъБР-м и цIыхухэм лажьыгъэ Iэнатlэ зегъэужьын» программэм и гуэдзэным ипкъ иткIэ, Тутыкъум и гугъу ищIащ 2014 гъэм республикэ бюджетым къыхэкIыу унэ къащхьэмыкIэ и хуэунэмкIэ унагъуэщIхэм зэрызыщIагъэкъуэн субсидие муниципальнэ Iэхъущ Iанlэхэм ятегущыэнымкIэ

Псэм и Лъахэ щхьэхуит

Абхъаз Республикэм и ТекIуэныгъэм и махуэщ нобэ

Бийм и мурадыр къехъулIакъым

Цугбэ Вахтанг генерал-майорц, Леон орденыр кIыхъугъэфэщащ, Зауэм и пкIэ ар Абхъазым ыкIи Абхъазыр кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм политикэмкIэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэу щытащ, Ардэнибэ Владислав и хъумакIуэхэм яхэтащ. Иджыпсту ар республикэм и дзэ комиссарщ, Абхъазым дыщыщыIам дэ Iэмал диIащ абы депсэлъыIэну.

1980 ГЪЭХЭМ я кIэухым - 1990 гъэхэм я пэщIэдзэм Совет Союзым узыгъэпейтей Iуэхухэр къыщыхъуу хуеижащ, - къыджиIащ Цугбэ дыщыIущIам. - Абхъазыми къыльэIэсат ахэр, сыту жыпIэмэ Куржыр хущIэкъурт къэралыгъуэ щхьэхуэ зэгъэзэщыным. Абы щэч къытрихьэрэтэкъым Осетие Ипщэри, Аджариери, Абхъазри езым и щIыналъэу зэрыщытынум, абыхэм унафэ зэрыщищIынум. Уеблэмэ, куржы унафэщIхэр гуп щхьэхуэ зэрыгъэхъуауэ, щIыналъэхэр, къулыкъуэхэр яхуэзэрыгъэгуэшыртэкъым. Кулыкъу яIыгъыу ди дежь щылажьэ куржыхэм я лъэпкъэгъуэхэр зэхуашэсыртри къызэщIагъэсырт, мыхъумыщIу куэд жраIэрт. Тхыдэр зэхьэкIауэ къагъэлъэгъуэну, Абхъаз щIыналъэр итъащIэми езыхэм яйуэ щытауэ къыщIрагъэдзыну яужь итхэри щыIэт.

Абы и гугъу щытщIакIэ, тIэкIу дыкъытеуныIэну сыхуейт а Iуэхум. Дэфтэр хъумапIэхэм щIэлъщ 1886 гъэм ирагъэкIуэкIа къыхэтхыкIыныгъэм къигъэльэгъуахэр. Абыхэм итраци, абхъазхэр я щIыналъэм процент 86-рэ щыхъуу щытащ а зэманым, куржыуэ къахэсыр процентих къудейт. Нэхъ жыжьэ узэIэбэжIыжми, куржыхэр ди щIыпIэм процент ныкъуэ фIэкIа щымыхъуу зэрыщытари тхыдэм къыхоуц. Совет властым и зэманырц ди щIыпIэм куржыхэр нэхъыбэу къыратэгъэIысхьэу щыхуежьащ. Сталинрэ Бериерэ яIэхI къагъэнакъым Абхъаз республикэм и мыхьэнэр ираудыхьным, Iэпкъыр куржыхэм яхэщIыспхьыжьыным теухуауэ. Абыхэм я унафэкIэщ, уеблэмэ Iуэхум залымыгъэ щыхэльи къэхъуу, куржы мин бжыгъэхэм ди щIыналъэр псэупIэ яхуэхъуауэ зэрыщытар. Апхуэдэ политикэм къырикIуараци, 90 гъэхэм ди деж цIыхуу щыпсэум я процент щэ ныкъуэм нэблагъэр куржыт, абхъазхэр я хэкум зэрыщыхъужыр процент 17 къудейт.

Ди хъурея гъкIэ щыIэ щытыкIэр зыхуэдэр яIэгъут Абхъаз Республикэм и унафэщIхэм икIи бэлэрыгъ зэрымыхъунри фIыуэ къагурыIуэрт. Арати, Ардэнибэ Владислав и унафэкIэ, 1991 гъэм дэ щIэддзащ къэрал кIуэцI дзэ къызэдгъэпэщу. А къаэныр си щIэм къралъхьати, щIалэгъуалэр армэм къедджэу щIыдодзэ. Апхуэдэ гукъыдэж зиIэхэм я бжыгъэм кIуэ пэтми хэхъуэурэ, полк псо хъуат.

Куржым зэгурыIуэныгъэ иращIыкIыну мызэ-мытIэу ящхьэ итащ ди республикэм и унафэщIхэр. Ауэ къикIа щыIэкъым. ЩытыкIэр нэхъри узыгъэгузавэ хъуащ 1992 гъэм и гъэмахуэм. Куржыхэм, ди щIыналъэмкIэ кIуэцIрыкI гъущI гъуэгур яхъумэн щхьэусыгъуэ ящIри, шыщхьэуIум и 14-м ди республикэм дэ кърашащ. Куржымрэ Абхъазымрэ зэращIыналъэ ягъэхьэзыра зэгурыIуэныгъэм Iэ традзэныр а махуэрат зытраухуар. Ауэ Iэщэ къыщыхурахым, Абхъазым нэгъуэщI къыхуэнэжьртэкъым, зихъумэжьым фIэкIаи, абыхэм жэуап яритын хуей хъуащ.

Куржыхэм зауэр щIаублар къаруушхуэ темыкIуадэу, зэман кIэщIым къриубыдэу Абхъазыр яубыдыну я гугъати арац. Ахэр егупсакъым нэхъыщхьэ дыдэу мыбы хэль зы Iуэхугъуэм - лъыкIэ къыдгухъау Кавказ Ищхьэрэм къуэшхэр зэрыщыдиIэм. Ящыгъупщэжауэ арат хьэмэрэ мыхьэнэ ирамытарэт е Кавказым и бгырыс лъэпкъхэм я конфедерацэр къыддэIэпыкъуну и фIэщ мыхъуарэ - Тхъэм ещIэ.

ГужьеитIуэ дыщихуа лъэныкъэм ди къуэшхэр къыщытхыхьам псоми ди лъэр жан хъужат. Иджы ди Цыхухэм я фIэщ хъуат ди ныкъуэкъуэгъум дыззрытекIуэнур.

Дэтхэнэ зауэри лъигъажэщ. Гуауэ хэщI къытхуихьащ дэ а зауэм, цIыху Iэджэ хэкIуэдащ, ди лъэпкъым щыщуи къыддзэуэхэм ящыщуи. Сыт и лъэныкъуэкIи хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ республикэм. Зауэ ящыкIи блокадэ къыдащIылIэри, хуабжьу къыттехьэльащ. Ди щхьэхуитыныгъэр Урыс-Сэтэрыгъуэшхуэм къыдиIыгъыныр ди хъуэпсапIэмэ, абыкIэ дыгугъащэртэкъым. Ауэ УФ-ри захуагъэм и телъхьэти, ди къэралыгъэр къиIыгъащ. Гугъуэхь куэд тлъгъуами, дяпэкIэ хуэмурэ зыдужьыжынщ. Псом ящхьэраци, къэралыгъуэ щхьэхуит дыхъужащ.

Ар я фIыщIэщ ди гъусэу а щхьэхуитыныгъэм щIэзэуа адыгэ щIалэхэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми щытхъуэ я нэхъ дахэр яхуэфащэщ, ауэ мыбдежьым нэхъ къыщыхэзгъэщыну сызыхуейр сэ фIыуэ сщIыкIуу щыта щIалитIщ.

Трунов-Къэунокъуей Руслан 1992 гъэм и август мазэм Абхъазым къакIуэри Гумиста и деж щекIуэкIа зауэми, Гагрэ къалэр хуит къыщащIыжми хэтащ. ПсэзэпылъхьапIэ Iэджэм хуэзащ, мызэ-мытIэу бийм я деж тIасхъэщIэх кIуащ. Очамчирэ къалэр бийм къыIэщIагъэкIыжыну ебгъэрыкIуахэми яхэтащ ар, ауэ куржыхэр куэд хъурти, къайхъулIакъым. Руслан зыхэт гупыр мащIэти, бийм къаухъурехьат. И гупым къикIуэтыну унафэ яхуищIри, езым и закъуэ яхэуэу щIидзащ. Апхуэдэ щыкIкIэ и ныбжьэгъуэхэр къригъэлащ, езыр хэкIуэдащ.

ЕтIуанэ щIалэр Къаныкъуэ Нурхьэлийщ. Ар 1992 гъэм и щыщхьэуIу мазэм Абхъазым къэкIуа адыгэ щIалэхэм яхэтащ. Бзыб псым деж щекIуэкIа зауэм лIыгъэ щызэриубгъу хэтащ. Куржыхэм зыщагъэбыда щIыпIэм тIасхъэщIэх мызэ-мытIэу кIуащ. Мыхьэнэщхуэ зиIэ хъыбархэр къихьуэрэ къэкIуэжьырт. Гагрэ къалэр хуит къыщащIыжми хэтащ. Нурхьэлий и ныбжьэгъуэхэм щапIуда захуищащ. Мы щIалитIми зэрыхэкIуэдэнур фIи дыдэу щIэн пэтми, къиIуэтакъым. Абыхэм къагъэлъэгъуащ адыгэу ущытыным къикIыр.

Дэ фIыщIэ мыухыж яхудощI апхуэдэ лIыгъэ къызыкъуэкIа, Апсны щIыналъэр гуэвэгъуэ щыхэхуам къытхъуэува дэтхэнэ зы цIыхуми.

Политик, тхыдэдж Агырбэ Иринэ

Агырбэ Иринэ Абхъаз къэрал университетым и тхыдэ-юридическэ факультетыр 1985 гъэм кIунухри, Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт университетым и аспирантурэм щIэтIысхьащ. «Абхъаз пащтыхыгъуэмрэ Византиемрэ XIII - X лIэщIыгъуэхэм яку дэлъа зэпыщIэныгъэхэр» зыфIища и кандидат диссертациэр абы щыхигъэкIащ.

Иринэ 1989 гъэ лъандэрэ Абхъаз къэрал университетым щрегъаджэ, Урысейм и тхыдэмкIэ кафедрэм и доцентщ. Куржы-Абхъаз зауэр къыщыхьеям и ныбжьэгъухэм я гъусэу медсестрауэ абы кIуат. АрщхьэкIэ абы куэдрэ щымыIэу, абхъаз радиом и урысибзэ къудамэм и унафэщI къалэнныр и пщэ къыдалъхьа. А лэжьыгъэр Иринэ хъыбзынэу зэтриухуащ икIи зауэм и пэжыпIэр урысибзэкIэ дуней псом хэIущIыIу щащI хъуат.

Иринэ яхэтащ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я Конфедерацэм и оперативнэ штабыр Гудаутэ къалэм къыщызэзыгъэпэщахэм икIи зауэр иухыну лэжьащ абы и пресс-центрым и унафэщIу.

Зауэ ныжьым Иринэ и лэжьыгъэм университетым щыпищэжащ. 1994 - 2001 гъэхэм тхыдэ-юридическэ факультетым и деканту лэжьащ. 2007 - 2012 гъэхэм Абхъазым и Парламентым и депутату, вице-спикеру щытащ.

Республикэм щыIэрыIуэ, цIыхубэм пщIэшхуэ зыхуащI Агырбэ Иринэ сепсэлъыIэну Iэмал зэрызгъуэтар къэзгъэсэбэпри, ущIэ зыбжанэкIэ зыхуэзгъэзащ.

- Иринэ, уэ тхыдэр куууэ бджащ, абы фIыуэ ущыгъуэзэщ. Сэ абы щэч къытесхьэркъым, «Абхъаз пащтыхыкIыгъуэмрэ Византиемрэ XIII - X лIэщIыгъуэхэм яку дэлъа зэпыщIэныгъэхэр» зыфIэпща тхыдъым сыдихьэхауэ седжащи. Ди лъэпкъхэм я зэхуэщытыкIэхэм лэжьыгъэ хэхахэр тумыхуэмщ, абы и лъэныкъуэкIи куэдым уэзрыщыгъуэзэм щэч хэлъхьым. Пасэ зэманым сыт хуэдэу щыта ди лъэпкъхэм я зэпыщIэныгъэр?

- Зэман жыжьэкIэ узэIэбэжIыжмэ, ди бзэри ди щэнхабзэри зэтехуэу щытащ, ди адэшхуэхэри ди адэшхуэхэри къызыхэкIар зы лъэпкъщ. Зэманым зэрызихъуэжым елыитащ лъэпкъхэми захъуэжащ. Ди зэщхьэщыкIныныгъэр ильэс мин зыкъом и пэкIэ къэхъуа Iуэхущ, ауэ лъэпкъитIым ди зэкъуэтыныгъэр куэд щIауэ къыддогъуэгурыкIуэ.

Дызэкъуэшу дызэрыщытыр гукIи псэкIи зыхэтщIэу апхуэдэщ. Абы и щыхьэтхъэ зауэм и хъыбар зэрыщэхахыу, адыгэ щIалэхэр къурш лъагъуэ защIэкIэ Абхъазым къэкIуэ зэрыщытар. Урыс усакIуэ, критик щIэрыIуэ Гумилёв Николай мыпхуэдэу итхащ: «ЩытыкIэ гугъум ихуа цIыхум и дежкIэ нэхъапэр и щхьэр ихъэмынымрэ ар зыхэхуа Iуэхумрэ тэмэму зэпиIэтыу, япэ игъэщIупхэр игъэнэIуэфынырщ». Зэпалъытащ доброволецхэм Iуэхур тэмэму: езыхэр хэкIуэдэнкIэ зэрыхъуным ахэр къызэтригъэувыIакъым.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт ди гъащIэр нэхъыфIщ жамыIэу захуагъэм и телъхьэу, гущIэгъу яхэльу ахэр къызэрыткъуэувар. Мамыр гъащIэм къыхэкIи, зауэм и льигъэм къыхьихат ахэр. Лажьэ зимыIэ я къуэшхэр щыхэкIуадэ фронтым Iухьахэщ. Къигъэльагъуэркъэ абы лъыкIэ дызэрызэкъуэшыр, а зэкъуэшыныгъэр нобэми къызэрысар.

- Куржыхэр зыгъэгушхуар, дауи, Iэщэ-фащэ куэду зэраIэрт. Апхуэдизыр дэнэ кърахат?

- А лъэхъэнэм къэралым къыщекIуэкIа Iуэхухэм куржыхэм я сэбэпынагъ хэлъат. Совет Союзым и щIэинту Куржым къина Iэщэт ахэр къызэрыдэзэуар. Къэралыр щылъэлъэжым зыми къыфIэIуэхуакъым апхуэдизу Iэщэ-фащэ Куржым къызэринэм.

- Иджыпсту фи Iуэхуэхэр дауэ щыт?

- Дэ ильэс куэдкIэ гугъу дехьу, блокади къыдащIылIауэ дыпсэуащ. Нобэ-ныжьэбэ зауэм къыщIдзэжину хъунщ жыгIэу апхуэдэ гуэвэгъуэми дыхэтащ. Къулейсызу, ерыскъыр къаймэщIэкIыу щыт пэтми, ди цIыхухэр тхьэусыхэртэкъым. Гугъуехым я нэхъыбэр зи пщэ къыдэхуэр цIыхубзхэрат. Ящэну пхъэщхьэмыщхьэхэр, хадэхэкIхэр зэрылъ къэпхэр я плIэм ильу Псо псым телъ лъэмыжьым деж кIуэхэрти, мазэкIи мазитKIи абдежым цIыхэхэтт, тхэзыр къащIалъысынкъым пэплъауэ. Гъунапкъэхъумэхэр уи тхылъхэм еплърэ хуит уащIмэт Урысейм ущихьэфынур. Апхуэдэу илъэсихьм нэскIэ дыпсэуащ.

- Фи щхьэхуитныныгъэр Урысейм къывдиIыгъыхьу...

- ДэркIэ абы мыхьэнэуэ иIар къыпхуэмыIуэтэным хуэдизщ. Гугъуехьу ттелъар зэуэ тщыгъупщэжат. Ар къыщцIихуэ махуэм, 2008 гъэм щыщхьэуIум и 26-м, ди тхыдэм увыпIэ ин зэрыщиубыдам щэч хэлъхьам. Абхъаз унафэщIхэр яужь итщ дунейм и адрей къэралхэми дэ щхьэхуиту дызэрыщытыр къырагъэльэтэным.

- Нобэрей Абхъазым екъуIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэн папщIэ нэхъыщхьэу къэпльытэр сыт?

- Нэхъыщхьэр къэралыр зэпIэзэрыту щытынращ. Хэкум и сэбэп зыхэлъ Iуэхуэхэр ди щхьэ Iуэхуэм япэ идгъэщIын хуейщ. КулыкъущIэкъу политикэр, езыхэр нэхъ губзыгъэ, нэхъыбэ яхуэзфIэкIыну къэзылъытэхэр щыIащ икIи щыIэнущ. Абы жаIэхэм уемыдаIуэмэ, нэхъ тэмэмщ. Зауэ щекIуэкIа щIыпIэм псынщIэу зыхуэуэжьыжьыркъым, абы нэхърэ сэ сынэхъыфIщ жыпIэу дамэкъуэр щIипчын щыIэкъым. Зэрыжаlэщи, къэралыр щылъэщIар абы щыпсэуэхэр щыхэкъуэтым и дежщ.

- ТекIуэныгъэм и махуэр щызэпаIэкIэ, абы сыт хуэдэ гукъыдэж чIыIэу урихьэлIэрэ?

- ШIэт хэмылъу, абы дэтхэнэ зы абхъазми и гукъыдэжыр къеIэт. Ауэ, итIани, зауэм хэкIуэда уи Iыхьыхэм, уи цIыхугъэхэм папщIэ уи нэпс къемыкIуэу хъуркъым. Абыхэм уаэзрыхуэныкъуэр, ахэр къызэрыпхэмытыжьар а махуэм нэхъри зыхьыбощIэ. Сэ сыкъащIтэмэ, зауэм теухуа фильм хэмэ сепльыхьифыркъым. Гъэльэгу хэкIуэдащ Апсным папщIэ едгъэкIуэкIа зауэм. Абы и бынхэр адэншэу къэхъуащ. Я адэр сурэткIэ фIэкIа яцIыхуркъым. Я къуэ зэрыхэкIуэдар удынышхуэу къатехуэри, си адэ-анэр абы ихьыжащ.

А зэман хьэльэр зи нэгу щIэкIа си ныбжькъэм псэуху тщымигъупщэжын гуауэ къытхуихьащ а зауэм. Си Хэкур щхьэхуиту слъэгъауащи, сынасыпыфIэщ икIи а Iуэхуэ гропагэ. Абы зиужьын папщIэ сэри, си лъэпкъэгъуэхэм тхуэзэфIэкIкIэ тщIэн хуейщ. Ди дэльху адыгэ щIалэ зэкIуэдахэми, къелахэми, апхуэдэ бын зыгъэсэфа анэхэми щхьэщэ яхузощI.

Науржан Ибрэхьим, Къаныкъуэ Нурхьэлий, Смыр Валерэ сымэ я фэелъым бгъэдэтщ Зельмэ.

Анэ псоми я щапхъэ

Абхъазым щекIуэкIа зауэм хэщIыныгъэ нэхъ ин дыдэ зритахэр зи бын абы хэкIуэда анэхэрщ. УIэгъэ мыкIыж зи гум абы тридзахэм ящыщщ ди псэлъэгъу Науржан Зельмэ.

- ДызэрыщыгъуаззэмкIэ, Абхъазым и ТекIуэныгъэм и махуэр щагъэлъапIэкIэ, зы илъэс къэмынэу, а гуфIэгъуэм ирагъэблагъэ а зауэм зи къуэ хэкIуэда адэ-анэхэр. Уэри ущыIащ уи къуэм зи псэр зыщита а щIыналъэ дахэм. Абы теухуауэ сыт къыджепIэфыну, Зельмэ?

- Пэжщ, сэри сыщыIащ Апсным. ПщIэшхуэзэ нэмыс инрэ къыщыхуащI Абхъазым, зыщыдагъэзэнэсэху. Сыт щыгъуи къытхуэгумащIэщ, къытхуэгуапэщ абы и цIыхуэхэр. Абдеж адыгагъэ къыщыкIэзэрахьэм и мызакъуэу, ди республикэми къакIуэурэ дыкъальагъуныр, къытщIэупщIэнщ хабзэ яхуэхъащ абхъаз унафэщIхэм.

Тельыджаныгъэщ Псэм и ЛъахэкIэ зэджа а щIыпIэр, ауэ абы сыкIуэну щIысфIэфыр и дахагъэр ззэгъэльагъуну хьэмэрэ си нэгу зезгъэужьыну аракъым. Си гум псэхугъуэ гуэр щегъуэт си щIалэм и лъэр мызэрэ-мытIэу зытеуба, фIыуэ ильагъуу щыта, и псэр зыщIита щыналъэм.

- Абхъаз Республикэм и унафэщIхэр къэкIуауэ адыгэ щIалэхэм я анэхэм щалIущIэ зэхуэсым урагъэблагъауэ телевизоркIэ слъэгъуащ. Ауэ зэи уи нэпс къудамэ къехауэ гу лъыстакъым. Апхуэдэу узытезыIыгъэр сыт къару?

- Ибрэхьим и псалъэхэр сигу зэрильэр арагъэнщ. Щежьэм: «Сэ зыгуэр къысщыщIмэ, згъыу цIыхухэм закъыумыгъэльагъу, адыгэхэм ди пщIэмрэ уи нэмысымрэ Iыгъыж. Сыт къэмыхуэми, адыгэ бзыльхъэгъэм и гуауэмрэ и нэпсымрэ игъэльагъуэу щытакъым», - жиIат. И псэм ищIэу, къэхуэным сыхуигъэзэнырэ хуэдэт.

- Мы ущIэр тIэкIу къемызэгъыу къыпщыхъункIи хъунщ, ауэ, итIани, уэстмэ нэхъ тэмэму къыщIэкIынщ. Зи къуэ хэкIуэдахэм унэ, машинэ къыдахащ хужаIэ. Зи сабийхэр, лIыжьфызыжьхэр къэзыгъанэу зауэм кIуэуэ хэкIуэдахэм анэхуэдэу къапэIэбэми хъуну къыщIэкIынщ зыдэIэпыкъуэ къэралыр. Апхуэдэу щытми, а псалъэмакъ гуемыIуэрэ, дауи, жагъуэ ящохуу Абхъазым щызэуахэм я унагъуэхэм.

- Абы щэч хэлъкъым. Президент Ардэнибэ Владиславыр апхуэдэ гулъытэр хьэхъэзыльхьауэ щытар. Сэри унэ къызатыну къыжьригъэIат. Ибрэхьим псэужамэ ар идэнтэкъым. ИтIанэ, сэ сыщыпсэун унэ сиIэщ, нэхъ хуэныкъуэхэм ептмэ ар нэхъ тэмэмщ, жысIэри къеIысхакъым. Абы теухуауэ адрейхэм ящIам сыщыгъуазэкъым.

ИгъащIэм адыгэхэм къыддекIуэкIа хабзэфIхэм ящыщщ гугъуехь хахуам зыщIэгъэкъуэныр. «Фы щIэн, псым хэдзэ» ауэ жаIакъым.

Зельмэ и къуэм и гугъу щищIкIэ, псэууэ и нэгу зэрыщIэтыр къыбгуроIуэ.

Ибрэхьим КъБКъУ-м тхыдэмкIэ и факультетыр къиуха ижьыкIэ, Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт университетым щIэтIысхьат. ПсихологиемкIэ факультетым и 3-нэ курсым и студент. ФIыщIу иIыгъыр Абхъазыр - ебланэ къасьыр зэрыщIэсу ПъландэрэI абы кIуэрт. Уеблэмэ пъэсу, бгыхэм щхьэдзыкъуэ и ныбжьэгъу щIалэ цIыкIу игъуэсу Абхъазым кIуат. Пъэпкъыпсэ зэрыщытар Ибрэхьим - Москва и архивхэм хэлъажьхьыну зэрыхуитымкIэ тхыль зэригъэпэщауэ, адыгэхэм ятеуха тхыгъэхэр къыщилъхьуэрт, адыгэ бзракъым и сурэтыр абы къыщигъэзат. Адыгэ щIалэгъуалэм я хасэ хъыззэригъэпэщат, Иорданиеми, Тыркуми ныбжьэгъуэгу щиIэт. Абыхэм ящыгъупщакъым я ныбжьэгъуэ - Ибрэхьим щыхэкIуэда махуэм зэкуосри ягу къагъэкIыж. Науржан Ибрэхьим и цIэр фIащащ ар щеджа, Налшык дэт я1э гимназием.

Илъэс 26-рэ хьуну арат Ибрэхьим зауэм щыхэкIуэдам. Ар ящыщщ «Псэужатэмэ куэд дыдэ хузэфIэкIыну», - зыхужаIэм.

Епсэльар **КIЭБЫШЭ Лилэщ.**

Тхьэм иримыгъэунэху

Квициниехэ Ардонрэ Оксанэрэ я унагъуэм дыщыхьэщIащ. Абыхэм пщIэ хэхарэ нэмысрэ къызэрытхуащIыр зыхэтщIэт, ар къызыхэкIри Къэбэрдейм дызэрыщыщIрауэ хуэдгъэфащэрт.

АДРEй абхъаз унагъуэхэми хуэдэу, мыбыхэми хэхъуэ нэхъыщхьэу яIэр гъэмахуэм зыгъэпсэуакIуэ къаныкъэм къапыкI мыпхуэращ. Абы къыдэкIуэу, Ардон бжьэ егъэхьу, Оксани я бынхэри мэлажьэ. Оксанэ адыгэ цIыхуфэ щэнфIэ цIыкIум хуэдэу Iэдэбщ, гуапэщ. Тенджызым и гъунэгъу дыдэу уна дзгъуэ яIэщи, насыпыфIэу, зэгурыIуэу, зэрыжаIэщи, унагъуэ хъуэпсегъуэу мэпсэу.

- Нобэ мыпхуэдэу щхьэхуиту, зыри къыдэмыныкъуэкъуу дызэрыпсэуар си фIыщIэ адыгэ щIалэхэм яхуэтщI пщIэм и инагъыр псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэщ. Дэ зэи тщыгъупщэжьым фи лъэпкъым къытхуищIар, - жыжьиIащ Оксанэ.

- Зауэм и япэ махуэм щыщIыдзауэ цIыхухэр хэкIуадэрт, ар плъагъуну гукъуэт, - кIыхьхьэ ди псалъэмакъым Ардон. - Ущалъхуа щыпIэр птрахину зауэ къущащIылIэр гуэвэгъуэшхуэщ, ар зымыщIэм Тхъэм иримыгъэзэнэхукIэ. ХьэкIэкъуэгъэкIагъэкIэ нэмыцэ фашистхэми ятекIуэжат ди лъахэм зауэкIэ кIыхьахэр. Зымыныгъэ хьэкIэкъуэкIагъэ абыхэм зэрыкъэр зэрыгъэзэщIыну, уи гущIэм зыкъыдегъаз. Къуажэм къыдэна лIыжь-фызыжьхэр, сабийхэр унэхэм щIаубыдэрти, щIрагъасхьэрт. Сабий цIыкIухэми автоматым илъ шэхэр яухыху трагъэльалъэрт.

ИтIани, гъэру куржы къытпощIэхуамэ, дгъашхэрт, зыри къозымыщIэфыну цIыхум лей епхыну къытхуеГъэкIыртэкъым. Ауэ дэ тщыщ езыхэм япэщIэхуамэ, узижагъэну яубэрэжьырт.

Дэ гъэрэмкIэ дызэхуэдэжри, ептыжхэр къызэрытпэщIэхуам хуэдэу дутIыщцыжьыт, езыхэм ясыхьэтым зэраубэржьам и лъэужьхэр телъут къызэрыдатыжыр. Иужьым яжетIащ дыдейхэм къращIэм хуэдэ дыдэ езыхэм я зауэлIхэми зэрытщIэжьынур. Уи нэм къеIэм и псэм еIэ жалакъэ! Абы и ужькIэ ямыубэрэжьу къыдатыжу щIадзащ.

И нэгу щIэкIа лъыгъажэр си нэгу къыщIэдгъэхьэжьын хуей хуэ Ардон нэщхьейуэ, зыри жимыIэу зыкъомрэ щыса нэужь и псалъэхэм пищэжащ.

... Ардон зыхэт «Бгырыс» батальоныр бадзэуэгъуэм и 4-м ираджат, Сыхъум хуит къащIыжьнуебгъэрыкIуэхэм хагъэхъуну. Ахьбуку бгым деж ахэр зэрыс вертолётыр къыщцIтIысыми, къыпэплъам хуэдэу, куржыхэр щыст.

- Дэ зауэлI 48-рэ дыкъхурт, ауэ ахэр куэдкIэ нэхъыбэт. ДыкъэмыкI щIыкIэ вертолётым къеуэу щIадзэри, мафIэ къыщIэнащ. Вертолётыр зезыгъакIуэ щIадзащ. Дыкъэзыгъуэн Iэщэ, техникэ хуэдэкъэ къыдэмэщIэкIырт, танк диIэхxэтэкъым. Куржы танкитI ткъутэмэ, абыхэм зы къахэщIыкIыжьыри дризауэрт, птулькIэхэм къэлынд зыгъуэзкъэ яткIэрти, гагъым папщIэу къэдгъауэрт.

ЗауэфI щыIэкъым. Ар хьэкъыу щыппхыкIыр зауэм къихь гуэзвэгъуэхэр уи нэгу щIэкIа нэужьщ. Апхуэдэу щытми, щIыху куэд зэрыжаIэщащ уи гум пхутемыгъахуэми, утекIуа нэужь, гугъуехь псори абы пщIэгъэгъунущIэ. Ди нэпсхэр къытфIокIуэ хэкIуадэхэр дигу къыщцIэгъэкIыжкIэ икIи догуфIэ, сыту жыпIэмэ, абыхэм я гъащIэхэр пщIэншэу ятакъым - цIыкIу хейжэм лей къатемыгъэхьэным цIыхуэзыкъ зыхуащIащ.

Абхъазым сыщыщыIам сэ и гугъу къысхуащIат Куржы-Абхъаз зауэм и тхыдэр зыдж Пагурие Валико. Ар зауэм хэтащ, полковникщ, и хахуагъэм папщIэ Леон дамыгъэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ. Абы зауэм теухуауэ тхылъих къыдигъэкIащ, ебланэм иолэжь. Сэ ар нэхъ гуэнэгъуу ззэгъэщIыхуащ, и Iуэхущ1эфэхэми тезгъэпсэлъыхьащ.

- ДАМЫГЪЭ лъапIэхэр яхуэфащэу, ауэ ирамытауэ зауэм хэкIуэда куэд щыIэщи, абыхэм я гъащIэр къызэрекIуэкIар къыдохутэж, - жеIэ Пагурие. - Си тхылъхэм сэ къыщызэгъэльэгъуэжьи зауэм зэрыщIидзамрэ ар зэрекIуэкIамрэ.

А лъэхъэнэм пъэпкъым пашэ хуэхъуэ Ардэнибэ Владислав куэд дыдэ елытауэ зэрыщытар хэти дощIэж. Псом нэхърэ нэхъыщхьэу къэсльытэр зэуакIуэ къытхуэкIуахэм дапэщIэтым хуейуэ абы лъэпкъыр къызэрыхурджарщ. Жызыщэ щыIэнкIи хъунщ: «Сыт-тIэ абы щыхьэщ, и кьалэныр игъэзэщIауэ арац». Сэ абыхэм арэзы садэжьрыкъым. Пъэпкъым и пашэм ищIыну унафэм псори пэплъэрт. ЗыкIи зыпэмыплъа зауэм цIыхуэхэр игъэгужьеяти, ящIэнур ямыщIэу джэрэзахэт. Къэхъуар къызыгурымыуэхэр, зауэм щIидзауэ зи фIэщ мыхъуэхэр щыIэт. Зэрызауэ техникэ дэнэ къэна, фоч къудеи яхурикъуу зимыIэ лъэпкъыр сыткIи зэтэщIэ зэщIэуэзэда бийм пэщIэтыну къыхуебджэфыныр, дауи, гугъут.

«Сыт абыхэм дазэрезэуэнр? Iэщэ диIэкъым, ахэр хуэд мэхъу, дэ дымащIэщ, лъэпкъкIуэдыр къытхуагъэкIынщ» - жауэ Ардэнибэ пэувэгъуэ мащIэтэкъым. «Ди щIыпIэр хуит къэтщIыжа ижьыкIэ, уи унагъуэм хагъэхьэнрэ Ахьбуку бгым деж ахэр зэрыс вертолётыр къыщцIтIысым, къыпэплъам хуэдэу, куржыхэр щыст?» Апхуэдэу зэупщIым и щхьэр ирихьэх мыхъумэ, жэуап къритыжьыртэкъым. Абы и закъуэ?! Сыт жимыIэми хьэкъкIэ цIыхухэм япхигъэкIыфырт. ЩIэныгъэшхуэ бгъэдэлът, губзыгъэт, лIыж хахуэт ди пащэр! Апхуэдэуи къару лъэщу а зэманым къытхуэуат Кавказым щыщу ди къуэшхэри, нэгъуэщI къэралкъиIаи яхэтащ къыддэIэпыкъуахэм.

Езыхэм яфIэфIу къыддэзэуну къэкIуахэм я гугъу щыпщIкIэ, дауэ угу къыумыгъэкIыжьынрэ Польшэм щыщ щIалэ Годавэ Ануш Анжи! Я деж къыщыдэкI газетым иту ар къеджащ Кавказым зауэ зэрыщекIуэжьыжьым, лъэпкъ цIыкIур зэрызэтраукIэм теухуа тхыгъэм. Iуэхур зыIутыр зригъэльагъуну ар Абхъазым къокIуэ икIи 1992 гъэм и фокIадэм ди дзэм хохьэри гъэфIхэр зыIэригъэхьэн папщIэ нэхъыщхьэу къэпльытэр сыт?

- Нэхъыщхьэр къэралыр зэпIэзэрыту щытынращ. Хэкум и сэбэп зыхэлъ Iуэхуэхэр ди щхьэ Iуэхуэм япэ идгъэщIын хуейщ. КулыкъущIэкъу политикэр, езыхэр нэхъ губзыгъэ, нэхъыбэ яхуэзфIэкIыну къэзылъытэхэр щыIащ икIи щыIэнущ. Абы жаIэхэм уемыдаIуэмэ, нэхъ тэмэмщ. Зауэ щекIуэкIа щIыпIэм псынщIэу зыхуэуэжьыжьыркъым, абы нэхърэ сэ сынэхъыфIщ жыпIэу дамэкъуэр щIипчын щыIэкъым. Зэрыжаlэщи, къэралыр щылъэщIар абы щыпсэуэхэр щыхэкъуэтым и дежщ.

- ТекIуэныгъэм и махуэр щызэпаIэкIэ, абы сыт хуэдэ гукъыдэж чIыIэу урихьэлIэрэ?

- ШIэт хэмылъу, абы дэтхэнэ зы абхъазми и гукъыдэжыр къеIэт. Ауэ, итIани, зауэм хэкIуэда уи Iыхьыхэм, уи цIыхугъэхэм папщIэ уи нэпс къемыкIуэу хъуркъым. Абыхэм уаэзрыхуэныкъуэр, ахэр къызэрыпхэмытыжьар а махуэм нэхъри зыхьыбощIэ. Сэ сыкъащIтэмэ, зауэм теухуа фильм хэмэ сепльыхьифыркъым. Гъэльэгу хэкIуэдащ Апсным папщIэ едгъэкIуэкIа зауэм. Абы и бынхэр адэншэу къэхъуащ. Я адэр сурэткIэ фIэкIа яцIыхуркъым. Я къуэ зэрыхэкIуэдар удынышхуэу къатехуэри, си адэ-анэр абы ихьыжащ.

А зэман хьэльэр зи нэгу щIэкIа си ныбжькъэм псэуху тщымигъупщэжын гуауэ къытхуихьащ а зауэм. Си Хэкур щхьэхуиту слъэгъауащи, сынасыпыфIэщ икIи а Iуэхуэ гропагэ. Абы зиужьын папщIэ сэри, си лъэпкъэгъуэхэм тхуэзэфIэкIкIэ тщIэн хуейщ. Ди дэльху адыгэ щIалэ зэкIуэдахэми, къелахэми, апхуэдэ бын зыгъэсэфа анэхэми щхьэщэ яхузощI.

Журналист Бэрбэч Зубер ящыщт «Къэбэрдей» адыгэ щIалэ гупым яхьыхьэу япэу Абхъазым къэкIуахэм. Лейтенант нэхъыжьыр, зэи къымыкIуэта щIалэ хахуэр Налшык и мызакъуэу, Грознэми, нэгъуэщI къалэми къыщыщыпсалъэрт. Ди Iуэху зытетым цIыхухэм яхутепсэльыхьырт. Зубер хуэдэкIэщ «Алазань» зауэ техникэу 2 къигъуэту Абхъазым иригъэшэн. Хэт и дежкIи гурыIуэгъэщ ар къэбгъэтынныр зэрыгугъум и мызакъуэу икIи псэзэпылъхьапIэ зэрыщытар. Ар абы зэрыхуэзэфIакIари гущIэгъуэнщ.

1992 гъэм и фокIадэ мазэм Бзыб псым деж щекIуэкIа зауэм хэтащ Зубер. Абы Гудаут

Зыми емыщхь Смыр Гиви

«Смыр Гиви Налшык къокIуэ», - щыжаIэм, зи щIэр сщIэ, ауэ слъагъуну къыслхуимыхуа абхъаз сурэтыщIым дыщыIущIэну махуэм сыхуэпIащIэ хъуат. Илъэс 16-м иту Новэ Афон бгъуэнщIагъыр япэу къэзыхута Гиви жиIэхэм ущедаIуэкIэ, гъащIэм и купщIэр нэсу къызыгурыIуэ, и Iуэху еплъыкIэ зиIэж щIыхуу ар зэрыщытыр зыхьыбощIэ. Гиви хэтащ 1992 - 1993 гъэхэм Абхъазым щекIуэкIа зауэм. ЛIыгъэрэ хахуагъэрэ хэлъу и лъэхэм и щхьэхуитыныгъэр ихъумащ абы.

СУРЭТ щIынри Гиви Алыхьым къыбгъэдилъхьа Iуэхущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а Iэщ Iагъэм хуемыджами, абы «къигъэщIхэм» я дахагъэр кьыпхуэмыIуэтэным хуэдэщ.

Иджы, мис, Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр япэу щагъэлъапIэм ар кьеблэгъащ ди щIынальэм. Лъэпкъ музейм дыщоплъ абы и Iэдакъэщ Iэкlэм. И лъэпкъым, и тхыдэм, щэнхабзэм щыхьэт темыхьуэ зы дамыгъи кьыщыгъэсэбэпакьым абы и лэжьыгъэхэм. Жыг лъабжьэр, кьудамэхэр, гъащIэм и кьуэпс жыжьэу зызыдэхэр - Гиви и сурэтхэр псори кьыззщIапкъуэмэ, апхуэдэ псалъэ зэпхахэмкIэ къэбгъэлъагъуэхьунущ абыхэм я купщIэр. Абхъазхэр лъэпкъыжьхэм ящыщу, абы и гъэуганазмрэ кьыдекIуэкI хабзэмрэ Смыр Гиви зэримыхамэр, нэхъ пэжу жыпIэмэ, фIыуэ зэрыхищIыкIыр и сурэтхэм «кьытхуэIуэтэ». Абы нэхъыбэрэ Iуэрыlуатэм зыхуеГаазэ, лъэпкъхэм я кьежьанIэм и пэжыпIэр зыхэбгъуэтэнур арауэ кьыбжиIэ хуэдэ. МымащIэу Смырым ещI цIыхубз сурэтхэри. Ауэ абыхэми кьIуэтэкIэ щхьэхуэ яIэжщ - псыгъ теплъэ яIи хуэдэщ, абы щыгъуэми гупсысэшхуэ кьахощ. Псори дихьэхауэ еплъащ Гиви нэхъ ину ищIа зы суэтым. Абы кьыщыгъэльэгъуат Хьэуарэ Iэдэмрэ. Куэдым уригъэгупсысырт а лэжьыгъэм.

Црым Русланрэ Смыр Гивирэ зэжраIэн яIэщ.

«Сэ си фIэщ мэхъу адыгэхэми я гъащIэм, я кьеклуэкIыкIэм, я щэнхабзэм я ехьа дамыгъэхэр зэрамымащIэр. Абыхэм нэхъыбэу гу лъэгъэтэнут, утыку нэхъыбэрэ кьрезгъэхьэнут фи сурэтыщIхэм. Ди лъэпкъ лIыхъужьхэм щIыхужьи хуейщ, ди гъэуганазмрэ кьыдекIуэкI хабзэмрэ Смыр Гиви зэримыхамэр, нэхъ пэжу жыпIэмэ, фIыуэ зэрыхищIыкIыр и сурэтхэм «кьытхуэIуэтэ». Абы нэхъыбэрэ Iуэрыlуатэм зыхуеГаазэ, лъэпкъхэм я кьежьанIэм и пэжыпIэр зыхэбгъуэтэнур арауэ кьыбжиIэ хуэдэ. МымащIэу Смырым ещI цIыхубз сурэтхэри. Ауэ абыхэми кьIуэтэкIэ щхьэхуэ яIэжщ - псыгъ теплъэ яIи хуэдэщ, абы щыгъуэми гупсысэшхуэ кьахощ. Псори дихьэхауэ еплъащ Гиви нэхъ ину ищIа зы суэтым. Абы кьыщыгъэльэгъуат Хьэуарэ Iэдэмрэ. Куэдым уригъэгупсысырт а лэжьыгъэм